



Pou Piblikasyon Imedya: 07/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LAPOLIS ETA AK LOKAL LA PRAL TRAKE KONDUIT AK VITÈS AK KONDUIT SOU ENKLIYANS PANDAN WIKENN JOUNEN KOLON AN

Peryòd aplikasyon an ki soti 7 oktòb rive 12 oktòb sible konpòtman konduit ki pa sekirize pandan tout wikenn fèt la

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse Lapolis Eta New York yo pral fè ekip ak fòs lòd lokal yo sou efò espesyal pou kontwòl sikilasyon pandan Wikenn Jounen Fèt Kolon an (Columbus Day Weekend) pou pran mezi kontravansyon kont otomobilis k ap kondi ak twòp vitès ak nan kapasite redwi yo. Kanpay Jounen Fèt Kolon an ap kòmanse jedi 7 oktòb epi l ap kontinye jiska lendi 12 oktòb. Manm patwouy yo prevwa volim sikilasyon an ap ogmante pandan wikenn fèt la akoz se yon wikenn ferye ak sezon touris otòn lan, ki poze plis risk sou wout nou yo. Detay ranfòsman sa pral fèt nan Lwès New York (Twoup A), North Country (Twoup B), rejyon Syracuse (Twoup D), Catskills (Twoup F) ak Rejyon Kapital (Twoup G).

"Nou ka evite konsekans trajik konduit nan eta ki afebli epi ensousyan si nou tout fè sekirite vin premye priyorite nou dèyan volan an," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen rejwenn fòs lòd yo pou raple tout chofè pou obeye limit vitès ki afiche yo, mete yo sou kote pou veyikil ijans yo pase, epi pa janm kondui ak kapasite nou febli. Lè nou aji nan fason ki responsab, nou ka ede anpeche trajedi ki san sans nan wout nou yo."

Otomobilis k ap vwayaje pandan wikenn sa ka atann yo ak pwèn sekirite ak patwouy DWI adisyonèl. Fòs Lapolis yo pral chèche tou otomobilis ki ap itilize telefòn yo ansanm ak lòt aparèy elektwonik yo pandan yo dèyè volan. Chofè yo ta dwe sonje tou pou "mete yo sou kote" pou arè veyikil ijans ak risk sou arebò wout la.

Polisyè Eta yo pral sèvi avèk toulède machin polis eta ki make ak machin kontwòl sikilasyon ki gen idandite yo ki kache (Concealed Identity Traffic Enforcement, CITE) nan kad operasyon sa a pou idantifye pi fasilamn chofè k ap vyole lalwa. Machin CITE yo pèmèt polisye eta yo pi byen obsève kontravansyon yo lè moun ap kondi. Veyikil san mak sa yo ka kamofle avèk machin k ap sikile chak jou yo, men yon fwa limyè ijans lan aktive moun ka rekonèt yo byen fasil tankou veyikil ijans.

Sipèntandan Lapolis Eta a P. Bruen te deklare, "Pandan kanpay sa, Twoup Eta yo ak patnè fòs lòd nou yo ap vizib anpil epi y ap chèche chofè k ap kondui nan yon fason

ki pa sekirize. Kòm toujou, nou gen zewo tolerans pou moun ki mete lavi lòt moun andanje lè yo kondui nan ensousyans."

Mark J.F. Schroeder, Komisè Depatman Veyikil a Motè (Department of Motor Vehicles, DMV) ak Prezidan Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a (Governor's Traffic Safety Committee, GTSC), te deklare, "Vitès ak konduit sou enfliyans se konpòtman ensousyan ke ou ka evite a 100 pousan epi k ap mete tout moun ki sou wout la an danje. Mwen remèsye patnè fòs lòd nou yo tou pou angajman yo onan asire sekirite sou wout nou yo."

Pandan detachman nan Jounen Kolon ane pase a, Lapolis Eta te bay 44,016 kontravansyon antou, ki gen ladan 11,618 pou vitès ak 941 pou konduit sou enfliyans.

Lapolis Eta a ap raple tout chofè yo pou yo rete an sekirite, pa bwè epi kondui, rete lwen telefòn selilè yo pandan w ap kondui, respekte limit vitès yo, epi atache tout moun ki nan machin nan. Objektif prensipal inisyativ sa se pou anpeche tout konpòtman kondwit an danje epi sansibilize sou enpòtans sikilasyon nan tout sekirite.

Inisyativ sa finanse pasyèlman pa GTSC a. GTSC a ak Fondasyon STOP-DWI Eta New York la ap raple otomobilis yo [aplikasyon mobil "Have a Plan"](#) (Gen Yon Plan) an disponib pou telefòn entèlijan Apple, Droid ak Windows. Aplikasyon an pèmèt moun New York yo lokalize epi rele yon sèvis taksi ak pwograme yon lis chofè ke yo chwazi. Li founi tou enfòmasyon sou lwa ak sanksyon DWI yo, ak yon fason pou moun fè rapò sou chofè yo sispèk k ap kondwi pandan yon nan yon kapasite afebli.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)